

Ou Bezwen Èd pou Peye pou Gadri / Edikasyon Prekòs?



Pwogram Preparasyon Lekòl (School Readiness) la ede fanmi ki gen revni ki ba yo pou peye depans ki elve pou bonjan kalite swen ak edikasyon prekòs.



Lekòl **Prematènèl Volontè (VPK)** ki gratis la founi edikasyon prekòs kalite siperyè pou tout timoun ki gen laj kat oswa senk lane k ap viv nan Florida.




Early Head Start founi sèvis edikasyon sou swen prekòs ak sèvis pou sipò famiyal pou timoun ki gen soti laj 0 pou rive laj 3 lane yo ak pou fanmi ki abite nan katye ki gen bezwen elve yo.



Liy Rekonfò (Warm-Line) a founi konsiltasyon, referans, adaptasyon nan pwogram etid ak nan salkla la gratis pou timoun ki bezwen espesyal yo ak/oswa ki gen reta nan devlopman yo. **Ou kapab kontakte Liy Rekonfò a nan 786-433-3095.**



Oryantasyon ak Resous pou Gadri (Child Care Resource & Referral) a founi referans pèsonalize ansanm ak enfòmasyon sou asistans finansyè gratis sou pwogram gadri yo. Enfòmasyon sou lansman nouvo antrepriz gadri ak sou sipò pwogram yo pou founisè yo disponib tou.



Edikasyon Prekòs. Reyisit Pandan Tout Lavi.

305-646-7220

www.elcmdm.org

    **ELCMDM**

Se Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe ansanm ak Eta Florida ki esponsòriz li. Piblikasyon sa rive posib gras ak Nimewo Sibvansyon 90TP0068-02-00 Biwo Gadri (Office of Child Care), Administrasyon pou Timoun ak Fanmi (Administration for Children and Families), Depatman Sante ak Sèvis Sosyal peyi Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) bay yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou elcmdm.org oswa eskane kòd la



Ou Bezwen Èd pou Peye pou Gadri / Edikasyon Prekòs?

Ou ka petèt elijib pou asistans finansyè pou gadri a!

Pwogram Preparasyon Lekòl (School Readiness) la ede fanmi ki gen revni ki ba yo peye depans pou swen ak edikasyon prekòs kalite siperyè yo.

Kijan pou Kalifye

- Fòk paran an travay oswa patisipe nan yon pwogram edikatif pandan omwen 20 èdtan pa semèn
- Paran yo dwe aplike pou preparasyon lekòl la nan konte kote y ap viv la
- Revni fanmi an dwe nan nivo oswa enferyè ak 150% nan Nivo Povrete Federal (FPL) la pou yo kapab elijib

Direktiv Federal sou Povrete 2022 (jiska 150% FPL)

Gwosè Fanmi an	Revni Brit Anyèl Maksimòm
2	27,465
3	34,545
4	41,625
5	48,705
6	55,785
7	62,865
8	69,945



Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [elcmdm.org](http://www.elcmdm.org) oswa eskane kòd la



Edikasyon Prekòs. Reyisit Pandan Tout Lavi.

